

KONNEN VERITE YO.

VAKSEN YO GRATIS POU TOUT MOUN.



Men, asire w de sa epi mande si gen nenpòt lòt depans pou pran vaksen an.

- Yo pa ta dwe refize pèsonn yon vaksen gratis si yo pa kapab peye yon frè administrasyon.
- Lè vaksen yo disponib tout kote, nenpòt moun ka pran vaksen an kèlkeswa stati imigrasyon ou.
- Tout moun ka pran vaksen an lè se kou pa yo.


Vaksen COVID-19 la pwoteje w pou w pa pran COVID-19.

- Si ou gen COVID apre ou fin pran vaksen an, vaksen an pwoteje w pou pa malad grav.
- Menm si ou te gen COVID-19 deja, ou ta dwe toujou pran vaksen an.
- Yo poko konnen konbyen tan yon moun gen pwoteksyon pou w pa vin malad ankò ak COVID-19.



Vaksen COVID-19 yo san danje epi yo efikas. Vaksen an PA KAPAB ba ou COVID-19.

- Li plis nan enterè w pou pran vaksen an, ke ou pran maladi COVID-19 lan.
- Plizyè moun gentan pran vaksen an san danje.
- Pa gen okenn lòt vaksen ki te teste pou sekirite li nan nivo sa a nan istwa Etazini.
- Moun ki pran vaksen an deja pa rapoté anken pwoblem grav. Nan gwoup moun sa yo gen diferan nasyon, ras ak laj.
- Vaksen COVID-19 la pa chanje ADN ou.



EFÈ SEGONDÈ YO NÒMAL.

Efè segondè yo PA vle di ou gen COVID-19.

- Efè segondè yo vle di vaksen an ap montre kò ou ki jan pou li konbat COVID-19.
- Tankou efè segondè, ou ka genyen:
 - Doulè oswa enflamasyon sou bra w kote ou pran vaksen an.
 - Maltèt, frison, oswa lafyèv.
- Si ou santi ou pa byen, ou ka bezwen pran kèk jou konje nan travay jiskaske ou santi ou pi byen.
- Apre ou pran vaksen an, ou ap bezwen rete kote ou pran vaksen an pou 15- 30 minit, pou asire ke ou pa fe alèji.



Pa gen okenn prèv vaksen yo kòz pwoblèm fètilite.

Fanm ki ansent ta dwe pale avek doktè yo pou yo we si yo ta dwe pran vaksen an.

Kèk vaksen bezwen de piki tandiske gen lòt vaksen ki jis bezwen yon piki. Tou de kalite vaksen yo san danje epi efikas.

Pou vaksen ki bezwen de piki:

- Premye piki a prepare kò w.
- Yo ba w dezyèm piki a kèk semèn apre pou asire ke ou gen pwoteksyon total.
- Li enpòtan ke ou pran tou lè de vaksen yo pou w pwoteje konplètman.

Vaksen PA genyen >

- Konsèvatif
- Ze
- Pwodui kochon
- Jelatin
- Latèks
- Nenpòt viris COVID-19 ki vivan

RETE AN SEKIRITE APRE OU FIN PRAN VAKSEN AN.

Kounye a, ekspè yo pa konnen apre konbyen tan vaksen an ap pwoteje w. Menm apre ou fin pran vaksen an, kontinye:



Mete yon mask.



Pratike distans sosyal.



Lave men ou souvan.



Dezenfekte zòn yo manyen souvan yo.



NRC-RIM
National Resource Center for
Refugees, Immigrants, and Migrants

Pou plis enfòmasyon: [cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)